



PEMERINTAH KOTA BANDUNG
DINAS PENDIDIKAN
SEKOLAH DASAR NEGERI 056 GARUDA DADALI
Jl. Dadali No. 5 Telp. (022) 6071998 – Bandung 40184



PENILAIAN AKHIR TAHUN
TAHUN PELAJARAN 2021/2022

Mata Pelajaran : BAHASA SUNDA KD 3.6
Hari/Tanggal : Selasa / 24 Mei 2022
Waktu : 30 Menit
Kelas : VI (enam)

Nama :

Kelas :

No Absen :

Pilih salah sahiji jawaban a, b, c, atawa d nu bener, kucara nuliskeun aksara dina kotak nu disadiakeun!

1. Nyarita di hareupeun balarea atawa umum, disebutna
 - a. ngadongeng
 - b. pangumuman
 - c. bewara
 - d. biantara
2. Biantara diwangun ku hal- hal saperti di handap ieu,iwal
 - a. bagian bubuka
 - b. bagian eusi
 - c. bagian kasimpulan
 - d. bagian panutup
3. Bagian nu eusina ngawanohkeun diri, sanduk- sanduk ka hadirin,atawa nepikeu anu rek dipedar dina biantara aya dina
 - a. bagian bubuka
 - b. bagian eusi
 - c. bagian kasimpulan
 - d. bagian panutup
4. Perhatikeun potongan biantara ieu !

“Rupina sakitu biantara ti sim kuring,Hapunten upami aya kekecapan anu kirang merenah.Mugia bae aya mangpaatna kanggo urang sadayana.
Wabillahi taufiq wal hidayah, wassalamu ‘alaikum warrohmatullohi wabarokatuh.’
Biantara di luhur aya dina bagian....

 - a. bubuka
 - b. eusi
 - c. kasimpulan
 - d. panutup

5. Dupi Gani teh (terap) panyawat naon ?
Kecap jero kurung nu merenah nyaeta....
 - a. di
 - b. ka
 - c. ti
 - d. na
6. Ari nyarita teh ulah . . . ,kudu dipikir heula sing asak.
Kecap nu merenah pikeun kalimah di luhur nyaeta
 - a. sompral
 - b. telat
 - c. rusuh
 - d. laun
7. Baca dina jero haté sempalan pidato di handap!
Sakumaha anu kauninga, kaséhatan téh kalintang peryogina kanggo urang sadayana. Badé midamel naon baé ogé, upami salira teu séhat mah moal lancar. Teu raos barang tuang, teu raos kulem, sareng sajabina.

....
Wacana di luhur kaasup ték pidato bagian
 - a. bubuka
 - b. eusi
 - c. panutup
 - d. salam
8. Kadaharan anu teu séhat téh jadi ... pikeun kalolobaan jalma.
Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan éta kalimah nyaéta
 - a. panghalang
 - b. kasakit
 - c. karerepet
 - d. katépaan
9. Lamun hayang séhat ulah ... kana dahar.
Kecap anu luyu pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta
 - a. cileureun
 - b. balangah
 - c. elat
 - d. cemi
10. Didit kamari teu sakola lantaran harééng.
Kecap harééng dina kalimah di luhur ngandung harti....
 - a. awakna panas
 - b. awakna leuleus
 - c. awakna singsireumeun
 - d. awakna lilinieun